**Ахуырадон программæйы иумæйаг характеристикæ**

Национ ахуырады сæйраг хæстæй иу у скъоладзауты алывæрсыг рæзтæн бындур сæвæрын.

Царды æппæт фæзындтæ, хицæндзинæдтæ æмæ ногдзинæдтæ ахуырдзаутæ хъуамæ базоной сæ мадæлон æвзаджы фæрцы.

Программæ арæзт у поликультурон ахуырады бындурыл, æххæстгонд цæуынц федералон паддзахадон ахуырадон стандарттæ.

Ирон æвзаджы урокты базонгæ уыдзысты æппæтуæрæсейон æмæ æппæтдунеон культурон хæзнатимæ. Нæ алыварсы дунеимæ зонгæдзинад арæзт цæуы ахæм фæткыл: хи райгуырæн къуым базоныны фæстæ рахизын Уæрæсейы, стæй та æппæт зæххы къорийы тыххæй зонинæгтæм.

*Бæрæггонд цæуынц ирон национ ахуырадон нысантæ:*

1. Рæзын кæнын мадæлон æвзаджы культурæ – уый у нæ рæзгæ фæлтæр хъомыл кæныны сæйраг фæрæз.

2. Мадæлон æвзаджы фæрцы скъоладзауты зонгæ кæнын дунейы æппæт культурон æмæ техникон æнтыстытимæ.

Программæ арæзт у традицион методикæйы бындурыл, фæлæ пайдагонд цæуы ног технологитæй.

Бæрæггонд дзы æрцыдысты рæзгæ ахуырады системæйы нысантæ, уыдон сты:

- скъоладзауты ахуырмæ сразæнгард кæнын;

- æрмæг сын цæттæйæ дæтгæ нæу, фæлæ саразын ахæм уавæртæ, цæмæй зонындзинæдтæ райсынмæ сæхæдæг тырной;

- кусын æппæт скъоладзауты рæзтыл, куыд тыхджын, афтæ лæмæгъты дæр;

- алкæмæн дæр хъуамæ лæвæрд цæуа, йæ бон цас у, уыйас – йæхи цæстæнгас, йæ зонындзинæдтæ равдисын йæ бон куыд уа, йæхæдæг хатдзæгтæ кæнынмæ куыд арæхса, афтæ;

- дæттын, скъоладзауты (суанг тыхджынты дæр) бæстон ахъуыды кæнын цы хæслæвæрдтыл бахъæудзæн, ахæмтæ; сæ бон сæ сæххæст кæнын куы нæ уа, уæддæр сыл хъуыды кæндзысты, стæй сæ ахуыргæнæджы æххуысæй базондзысты.

Ахуырады фæрæзтæй иу у алгоритм. Уый у æрмæг æнцондæр, бæстондæр, арфдæр, кæрæдзийы фæдыл раст фæткыл æвæрдæй бацамоныны мадзал. Алгоритмы фæрцы бæлвырд æрфыссæн ис æвзаджы æппæт фæрстытæ къæпхæнгай, æнцонæй: ахуырдзауты æфтауы сфæлдыстадон хуызы хъуыды кæныныл, бæлвырд куысты хуызтæн раст дзуапп ссарыныл, хъæугæ хатдзæгтæм æрцæуыныл.

Кæстæр кълæсты скъоладзауты рæзтыл кусын амоны, цы зонындзинæдтæ райс-той, уыдонæй алы уавæрты пайда кæнын зонын, бæлвырд зонындзинæдтæ хибарæй агурын, рæдыд цæмæн æрцыд, уый сбæрæг кæнын æмæ йæ сраст кæнын, æрмæджытæ кæрæдзиуыл барынмæ арæхсын æмæ сын сæ хицæндзинæдтæ иртасын.

*Программæйы домæнтæм гæсгæ, ирон æвзаг ахуыргæнгæйæ, урочы æвæрд цæуы ахæм хæстæ:*

1. Æрмæг амонын алыхуызон цымыдисаг дидактикон æрмæджы руаджы, грамматикон, сфæлдыстадон хъæзтыты фæрцы.

2. Грамматикон æрмæг амонын лексикон æрмæджы фæрцы.

3. Мадæлон æвзагмæ цымыдисдзинад æвзæрын кæнын.

4. Скъоладзауты цæттæ кæнын уæлдæр кълæсты зындæр æмæ вазыгджындæр æрмæг ахуыр кæнынмæ.

5. Бæлвырд зонындзинæдтæ дæтгæйæ, урочы кусын скъоладзауты иумæйаг рæзтыл; рæзын сын кæнын сæ логикон æмæ сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад; хъæздыг кæнын сæ дзырдуатон сконд;

6. Рæзын кæнын скъоладзауты коммуникативон арæхстдзинæдтæ, цæмæй сæ хъуыдытæ æнцонæй сæ бон дзурын уа, цæмæй архайой бæлвырд раныхæсты, цæмæй искæйы сцымыдис кæной сæ ныхасмæ хъусынмæ, цæмæй сæ раныхæстæн хъæугæ кæронбæттæн скæнын сæ бон уа; кусын ахуырдзауты раст хъомыл кæныны фарстатыл.

Ацы нысантæ æмæ хæстыл куыст цæуы уыцы иу урочы, кæрæдзийæ сын хицæн кæнæн нæй.

Ног федералон ахуырадон стандарттæ хынцгæйæ, программæ домы:

- урок методикон æмæ логикон æгъдауæй раст аразын;
- педагогон фæрæзтæй эффективонæй пайда кæнын;
- наукæйы ног æнтыстытæй пайда кæнын;
- урок бæлвырд ахуырадон – хъомыладон процессы бындурыл аразын;
- скъоладзаутæн саразын бæлвырд уавæртæ сæ курдиат æххæстæй раргом кæнынæн;
- æндæр предметтимæ баст æрмæгæй пайда кæнын;
- ног æрмæг амонгæйæ æнцой кæнын рацыд æрмæгыл;
- хынцын скъоладзауты рæзты æмвæзад æмæ психологон хицæндзинæдтæ;
- æрмæг хъуамæ дзуапп дæтта, царды цы ногдзинæдтæ æмæ ивддзинæдтæ цæуы, уыдонæн.

Райдайæн скъола бындур æвæры скъоладзауты зонындзинæдтæн æвзагæй, литературон кæсынадæй, ныхасы культурæйæ, хъомыладæй. Скъоладзаутæ разæнгард кæнынц ахуырмæ, куыстмæ, рæзы сæ хибарæй хъуыдыкæнынад.

Мадæлон æвзаджы ахадындзинад стыр у, уымæн æмæ йæ бындурыл æнцондæр у, иронау цы предметтæ цæуынц, уыдон ахуыр кæнын, уымæй уæлдай, скъоладзаутæ базонынц, мадæлон æвзаг кæрæдзиимæ ныхас кæныны сæйраг фæрæз кæй у, уый.

Ирон æвзаг цымыдисаг æрмæджы бындурыл ахуыргæнгæйæ, скъоладзаутæм сæвзæры сæрыстырдзинад сæ мадæлон æвзагмæ; тырнындзинад йæ базонынмæ. Бамбарынц, раст дзургæ æмæ фысгæ ныхас кæй у адæймаджы иумæйаг культурæ æвдисæг.

Райдайæн къæсты скъоладзаутæ хуымæтæг хуызы базонгæ вæййынц литературон æвзаджы нормæтимæ, ныхасы этикетимæ; рæзынц сæ коммуникативон арæхстдзинæдтæ.

*1–4-æм къæсты программæйы амынд сты ирон æвзаг ахуыр кæныны ахæм хæстæ:* -
скъоладзауты ахуыр кæнын лæмбынæг хъусын, раст дзурын, кæсын æмæ фыссын; -
фонетикæ, лексикæ, дзырдарæзт, морфологи æмæ синтаксисы тыххæй зонындзинæдтæн бындур æвæрын;

- скъолайы агъоммæ скъоладзаутæм æвзаджы тыххæй цы хуымæтæг æмбарынад уыдис, уый сын, грамматикæйы æгъдæуттыл æнцойгæнгæйæ, амонын, куыд бæлвырд системæ;
- каллиграфийыл ахуыр кæнын;
- растфыссынад, растдзурынад æмæ пунктуацийæ хуымæтæг зонындзинæдтæ дæттын;
- скъоладзауты дзырдуат хъæздыг кæнын;
- скъоладзауты фæлтæрын сæ хъуыдытæ бæлвырд æмæ аив дзурыныл.

Программæйы æвзаджы æрмæг лæвæрд у æнцондæрæй зындæрмæ, хуымæтæгдæрæй вазыгджындæрмæ хизыны принциптæм гæсгæ; æвзагæй ног зонындзинæдтæ лæвæрд цæуынц, раздæр цы базыдтой, ууыл æнцойгæнгæйæ.

Æвзаджы алы хæйттæ: фонетикæ, лексикæ, дзырдарæзт, морфологи, синтаксис – кæрæдзиуыл æнгом баст кæй сты, уымæ гæсгæ алы къласы дæр ахуыргонд цæуынц бæлвырд системæмæ гæсгæ.

Райдайæн къæсты скъоладзаутæ базонынц мыртæ æмæ дамгъæты сæйраг

миниуджытæ; лексикон-грамматикон къордты (ныхасы хæйтты) грамматикон категориты тыххæй хуымæтæг зонинæгтæ; сæ хицæндзинæдтæ; дзырдты арæзт; раст дзурын æмæ раст фыссыны литературон нормæтæ. Синтаксисæй дæр райсынц хуымæтæг, фæлæ бæлвырд зонындзинæдтæ.

Цæмæй скъоладзауты хъуыдыкæнынад рæза, уый тыххæй практикон ахуырты рæстæг, стæй, ног теоретикон æрмæг амонгæйæ, хъæуы проблемон методæй пайда кæнын. Уый фæрцы ахуыргæнинæгтæ архайдзысты хи хатдзæгтæ кæнын грамматикон фæзындты тыххæй.

Ахуыргæнæг йæ хъус хъуамæ дара, скъоладзаутæ ног грамматикон æмбарынад кæнæ раиртæст куыд бамбæрстой æмæ сæ пайда кæнын куыд зонынц, уымæ.

1–4-æм кълæсты ирон æвзаг ахуыр кæныны сæйраг хæстæй иу у раст æмæ сыгъдæг фыссынмл ахуыр кæнын, уымæ гæсгæ ацы куыстæн 1-аг къласы кæрон æмæ 2-аг къласы хъуамæ алы къуыри дæр лæвæрд цæуа сæрмагонд урок.

Сыгъдæгфыссынадæн лæвæрд фæлтæрæнтæ хъуамæ баст уой, урочы цы грамматикон æрмæг ахуыргонд цæуы, уыимæ; сæ растфыссынад зын бахъуыдыгæнæн кæмæн у, ахæм дзырдтимæ, вазыгджын æрмæгимæ. Дамгъæты растфыссынад æмæ сыгъдæгфыссынадыл куыст цæуы иумæ.

Ахуыргæнæг хъуамæ йæ хъус дара, скъоладзаутæ куыд бадынц, ручкæйыл куыд хæцынц, сæ тетрæдтæ куыд æвæрд сты, уымæ. Хъуамæ алы скъоладзауимæ дæр куыст цæуа хибарæй, цæмæй алкæмæн дæр йæ фысты алыхуызон аиппытæ афойнадыл амынд цæуой.

Урокты скъоладзаутæн иумæйаг куысты хуызтæй уæлдай дæттæн ис хибарæй куыстытæ дæр. Ахæм урокты мидис бæрæггонд цæуы, программæйы алы къласæн дæр цы амындтытæ лæвæрд цæуы, уыдонæй.

## Ирон æвзаджы программæйы структурæ

Райдайæн кълæсты ахуырадон программæ арæзт у æртæ мидисджын хайæ: **«Æвзаджы системæ», «Растфыссынад», «Ныхасы рæзтыл куыст»**.

Алы хайæн дæр ис йæхи ахуыры объект.

**«Æвзаджы системæ»** ахуыр кæны æвзаджы иуæгтæ: *«Мыртæ æмæ дамгъæтæ», «Дзырд», «Хъуыдыйад». «Ныхасы рæзтыл куыст».*

***Мыртæ æмæ дамгъæтæ.*** Мыртæ æмæ дамгъæты тыххæй фыццаг зонындзинæдтæ скъоладзаутæ райсынц 1-аг къласы. Фыссыны æгъдæуттæ ахуыргæнгæйæ, скъоладзаутæ фæцалх вæййынц ныхасы мыртæ хъусын æмæ дзурыныл, кæрæдзийæ сæ хицæн кæныныл. Базонынц хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мыртæ, сæ хицæндзинæдтæ, цавдон æмæ æнæцавдон хъæлæсонтæ, зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ.

Ацы куысты хуызтæ кæнын хъæуы фыццаг къласæй цыппæрæммæ. Скъоладзаутæ хъуамæ базоной, дзырдтæ мыртæй арæзт кæй сты, мыртæ дзургæ æмæ хъусгæ кæй кæнæм; фысгæйæ мыртæ дамгъæтæй нысангонд кæй цæуынц. Тынг ахсджиаг у, цæмæй скъоладзаутæ базоной, дзырды иу мыр æндæрæй ивгæйæ, дзырдæн йæ нысаниуæг дæр кæй аивы, уый. Базоной, дамгъæ **у** дыууæ мыры кæй амоны *(хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон)*. Ахадгæ куыст у дзырдтæн мырон-дамгъон æвзæрст кæнын.

1-аг æмæ 2-аг кълæсты бындур æвæрд цæуы мыртæ æмæ дамгъæтæ раст дзуры-ны æмæ фыссыны куыстæн. Уæлдæр кълæсты ацы куыст хъæуы бæстондæр æмæ уæрæхдæр кæнын: вазыгджындæр æрмæгæй пайдагæнгæйæ, скъоладзауты зонгæ кæнын хъæуы хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты классификациимæ. Амонын ирон æмæ дыгурон æвзæгты иуæй-иу фонетикон хицæндзинæдтæ.

***Дзырд.*** Райдайæн кълæсты æвзаджы урокты дзырд æвзæрст цæуы куыд лексикон æмæ грамматикон иуæг. Цæмæй скъоладзаутæ дзырдтæ раст фыссой, уый тыххæй сын

хъуамæ зоной сæ лексикон нысаниуджытæ *(æмбæрста – æмбарын-æй, æмбæрзта – æмбæрзын-æй)*.

Дзырдыл куыст цæуы æвзаджы æппæт æрмæг ахуыргæнгæйæ дæр:

- фонетикæ ахуыргæнгæйæ скъоладзаутæн амынд цæуы – мыртæ æмæ дамгъæтæ уымæн хъæуынц, цæмæй сæ аразæм дзырдтæ;

- морфологи ахуыргæнгæйæ загъд æрцæуы – ныхасы хæйттæ сты ахæм дзырдтæ, кæцытæ нысан кæнынц предметтæ, архæйдтытæ, æууæлтæ æ.а.д.;

- синтаксис ахуыргæнгæйæ амынд цæуы – хъуыдыйæдтæ, дзырдбæстытæ арæзт сты дзырдтæй, дзырдты æхсæн ис бæлвырд бастдзинæдтæ.

Сæ зонындзинæдтæ сын фидар кæнын хъæуы дзырдуатон куысты фæрцы. Хъуамæ ахуыргæнæг пайда кæна дзырдты нысаниуæг амоныны алыхуызон мадзæлттæй.

Дзырдуатон куысты фæрцы скъоладзаутæ базонынц, дзырдтæ кæй аразынц синонимон, антонимон, омонимон къордтæ, дзырдтæн кæй ис комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуджытæ.

Дзырдтæ предметтæ, фæзындтæ, æмбарынæдтæ, æууæлтæ æмæ архæйдтыты нæмттæ кæй нысан кæнынц, уый скъоладзаутæ базонынц фæлтæрæнты æрмæгæй æмæ æндæр уæлæмхасæн хæслæвæрдты фæрцы.

Скъоладзаутæ ахуыр кæнынц дзырдуатæй хъæугæ дзырдтæ исыныл, сæ хъуыдытæ бæлвырд æмæ аив дзурыныл.

Райдайæн кълæстæй фæстæмæ амонын хъæуы ирон æмæ дыгурон æвзæгты иуæй-иу лексикон хицæндзинæдтæ.

Дзырдуатон фæлтæрæнтæ æххæстгонд цæуынц алыхуызон грамматикон-орфографион æрмæг ахуыр кæныны рæстæг.

1-аг къласы скъоладзаутæ базонынц дзырдтæ сæ фæрстытæм гæсгæ иртасын. Амынд сын цæуы, ирон æвзаджы фарст *чи?* æрмæст адæймаджы ном нысангæнæг дзырдтæм лæвæрд кæй цæуы.

Ахуыргæнæг бацамоны æмæ пайда кæны ахæм грамматикон æмбарынæд-тæй: *«предмет», «предметы æууæл», «предметы архайд»*. Уæлдæр кълæсты ацы æмбарынæдты бындурыл скъоладзаутæ базонынц терминтæ: *номдар, миногон, мивдисæг.*

Дзырды хæйттæ ахуыр кæнын райдайынц 3-аг къласы. Дзырдарæзт ахуыр кæнынæн ис стыр ахадындзинад: æххуыс у зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонты растфыс-сынадыл кусынæн, уидаджы дызæрдыггаг æмхъæлæсонты растфыссынад базонынæн. Скъоладзаутæ базонгæ вæййынц грамматикон æмбарынæдтимæ: *«уидаг», «разæфтуан», «фæсæфтуан», «кæрон», «бындур»*, стæй аразгæ дзырдты растфыссынадимæ.

4-æм къласы дзырды хæйтты тыххæй зонындзинæдтæ скъоладзаутæ ныффидар кæнынц, ныхасы хæйттæ куы фæахуыр кæнынц, уæд.

Ныхасы хæйттæ ахуыргæнгæйæ, скъоладзауты бахъæуы ахæм зонындзинæдтæ: дзырды хæйттæ æмæ дзырдарæзты амæлттæ, дзырдты алыхуызон лексикон нысаниуджытæ, дзырдтæ кæрæдзиимæ бастдзинады фæтк æмæ сæ бынат хъуыдыйады.

Райдайæн къæсты скъоладзаутæ ахуыр кæнынц предметтæ, æууæлтæ, архæйдтытæ амонæг дзырдтæй тематикон къордтæ аразын.

Æппæт къæсты дæр, дзырдты арæзт æмæ ныхасы хæйттæ ахуыргæнгæйæ, лæвæрд цæуы лексикон фæлтæрæнтæ. Уый фæрцы скъоладзаутæ бæрæг кæнынц дзырдты алыхуызон нысаниуджытæ; сæ хъуыдытæ бæлвырдæй дзурынц, хъæугæ дзырдтæ агурынц, дзырдæн æндæр дзырдтимæ йæ ахастдзинæдтæ бæрæг кæнынц.

***Хъуыдыйад.*** Райдайæн къæсты скъоладзаутæ базонгæ вæййынц текстимæ. Арæхсынц текст хъуыдыйæдтыл (хæйттыл) дих кæнын, хъуыдыйæдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ иртасын, хъуыдыйады уæнгтæ бæрæг кæнын, хъуыдыйады дзырдты бастдзинæдтæ иртасын, хъуыдыйад дзырдбæстытыл дих кæнын æмæ дзырдты рæнхъæвæрд амонын.

Фидаргонд цæуынц хъуыдыйады сæйраг бæрæггæнæнтæ: хъуыдыйад арæзт у дзырдтæй, æвдисы æххæст хъуыды, дзырдтæ хъуыдыйады баст сты сæ нысаниуджытæм гæсгæ, алы хъуыдыйад дæр загъд цæуы бæлвырд хъæлæсы уагæй, хъуыдыйады иу дзырдæй иннæмæ ис фарст раттæн.

Скъоладзаутæ зонгæ кæнынц таурæгъон, фарстон, разæнгардгæнæн æмæ хъæрон хъуыдыйæдтимæ æмæ сæ интонацион арæзтимæ. Ахуыр кæнынц хъуыдыйæдтæ аразын, орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ хынцгæйæ: фыццаг дзырд стыр дамгъæйæ фыссын, хъуыдыйады кæрон стъæлф, фарсты æмæ хъæры нысæнттæ æвæрын.

Скъоладзаутæ бæстондæр базонынц терминтæ *«сæйрат»* æмæ *«зæгъинаг»*-ы мидис, райсынц иумæйаг зонындзинæдтæ фæрссаг уæнгты тыххæй.

4-æм къласы скъоладзаутæ ахуыр кæнынц хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ, вазыгджын хъуыдыйæдтæ, комкоммæ ныхас æмæ сидæн, сæ интонацион арæзт, æрхæцæн нысæнтты æвæрынад.

Хъуыдыйады тыххæй зонындзинæдтæ иу къласæй иннæмæ кæнынц вазыгджындæр, зындæр; скъоладзаутæн фылдæр æрмæг лæвæрд цæуы хибарæй кусынæн; алыхуызон схемæтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ аразынæн.

**«Растфыссынады»**-ы блокы нысан у райдайæн кълæсты скъоладзаутæн бацамонын æмæ ныффидар кæнын раст, æнæ рæдыдæй фыссыны арæхстдзинæдтæ, орфограммæтæ бахъуыды кæнын

Фæлтæрæнтæ æххæст кæнын хъæуы, дзырдты растфыссынадыл кусгæйæ: дзырдуатон-орфографион диктанттæ; ахуыргæнæджы кастмæ хъусгæйæ, цы бахъуыды кодтой, уый фыссын; чиныгæй сфыст æ. а. д.

Зонындзинæдтæ бæрæг кæныны сæйраг фысгæ куысты хуызтæ сты:

контролон сфыст, диктанттæ грамматикон хæслæвæрдтимæ, изложенитæ, алыхуызон сфæлдыстадон куыстытæ.

Дзырдуатон диктанты дзырдты нымæц вæййы:

1 къласы: 5 – 7; 2 къласы: 8 – 10; 3 къласы: 10 – 12; 4 къласы: 12 – 15.

Контролон диктанты дзырдты нымæц хъуамæ уа:

1 къласы: 8 – 10 дзырды ахуыры азы фыццаг æмбис; 15 – 18 – афæдзы кæрон. 2 къласы: 25 – 30 дзырды ахуыры азы фыццаг æмбис; 35 – 45 – афæдзы кæрон. 3 къласы: 40 – 45 дзырды ахуыры азы фыццаг æмбис; 50 – 60 – афæдзы кæрон. 4 къласы: 65 – 70 дзырды ахуыры азы фыццаг æмбис; 75 – 80 – ахуыры азы кæрон.

Изложениты тексты дзырдты нымæц алы къласы дæр вæййы 15 – 20 дзырдæй фылдæр.

***Ныхасы рæзтыл куыст.*** Ирон æвзаджы урокты сæйрагдæр нысантæй иу у скъоладзауты ныхасы рæзтыл кусын. Ардæм хауы скъоладзауты ныхасы хъæд аивдæр æмæ рæсугъддæр кæнын, сæ дзырдуат хъæздыг кæнын, сæ ныхасы культурæ, сфæлдыстадон æмæ логикон хъуыдыкæнынад рæзын кæнын. Æвзаг ахуыр кæныны нысан ис уый мидæг, цæмæй, алывæрсыгæй йæ сахуыр кæнгæйæ, ахуырдзаутæ арæхсой сæ хъуыдытæ æнцонæй зæгъынмæ: цæмæй сæ, чи сæм хъусы, уый æнцонæй æмбара, ма сæ тыхса, сæ ныхас уа аив æмæ цымыдисаг. Æрмæг бацамонынæн пайда кæнын хъæуы бæрзонд, чиныгон стилæй фыст аив литературон уацмыстæй, кæнæ уыдонæй скъуыддзæгтæ, сæ мидис уа актуалон, баст уа царды æцæгдзинадимæ.

Грамматикон зонындзинæдтæ æрмæстдæр уæд уыдзысты æмбæрстгонд æмæ бæстон, скъоладзаутæ сæ дзургæ æмæ фысгæ ныхасы, се сфæлдыстадон куыстыты куы пайда кæной.

Ныхасы рæзтыл кусынæн лæвæрд цæуы изложенитæ æмæ сочиненитæ; архайын хъæуы ууыл, цæмæй сæ текстæ уой, бæлвырд мидис кæмæн ис, царды алыхуызон цаутæ æвдыст кæм цæуынц, ахæмтæ. Фыссæн ис сывæллæттæн сæхи цардæй ист хабæртты

тыххæй, фыстæг, уацхъуыд, хъусынгæнинæгтæ; агъуысты, уарзон хъазæны, цæрæгойы æрфыссын.

Ныхасы рæзтыл куысты хуызтæ ма сты: ахуыргæнæджы фæрстытæн раст, аив дзуæппытæ дæттын; зонгæ аргъау кæнæ цыбыр радзырд текстмæ хæстæг, йæ хæйттæ йын нæ хæццæ кæнгæйæ, дзурын (кæнæ ахуыргæнæджы фæрстытæм гæсгæ дзурын); иу нывмæ кæнæ цалдæр нывмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ кæнæ радзырд хъуыды кæнын; хъуыдыйæдтæ кæнæ текст бакæсгæйæ, фæрстытæн дзуæппытæ дæттын, дзургæйæ дæр æмæ фысгæйæ дæр.

Ныхасы рæзтыл куысты стыр ахадындзинад ис текстæн. Скъоладзаутæ хъуамæ зоной тексты мидис æвзарын, хицæн хæйттыл æй дих кæнын, текстæн райдайæн кæнæ кæрон фыссын, текстæн сæргонд хъуыды кæнын; лексикон раиртæст ын кæнын. Скъоладзауты ныхас хъуамæ дзуапп дætта литературон æвзаджы нормæтæн.

Скъоладзаутæн амынд цæуынц хи хорз дарыны æгъдæуттæ царды алы уавæрты дæр. Алы урочы дæр скъоладзаутæ хъуамæ базоной 4 – 5 ног дзырды, уый фæстæ иннæ урокты уыцы дзырдтæ фæлхатгонд цæуой алыхуызон куысты хуызты æмæ фæлтæрæнты, цæмæй сæ скъоладзаутæ хуыздæр бахъуыды кæной.

## Скъоладзауты ныхасы рæзтыл кусынæн программæйы бæрæггонд цæуы ныхасы темæтæ

*(уыдоны бындурыл амынд цæуынц æвзаджы темæтæ)*

### 1-аг кълас

«Мæ райгуырæн бæстæ – Ирыстон». «Мæ бинонтæ». «Афæдзы афонтæ». «Хи дарыны æгъдæуттæ».

### 2-аг кълас

«Скъола». «Сæрды мысинæгтæ». «Фæззæг». «Æгъдау – царды бындур». «Зымæджы нывтæ». «Куыст – царды цин». «Мæргътæ æмæ цæрæгойтæ – нæ хæлæрттæ». «Уалдзæг». «Кæм райгуырдтæн, мæхи кæм базыдтон». «Ахъуыды кæн, базон» (хъæлдзæг радзырдтæ, уыци-уыцитæ, хынцинæгтæ).

### 3-аг кълас

«Хæрзбон зæгъæм сæрдæн, æгас цæуæд ног ахуыры аз». «Сыгъзæрин фæззæг Аланийы». «Фæллой кæм уа, фарн дæр уым ис». «Хæрзæгъдау, хæлардзинад, æууæнк – адæймагæн кадгæнæг миниуджытæ». «Адæмæн зæхх у сæ дарæг». «Мадæлон æвзаг мады ад кæны». «Бинонтæ». «Зымæджы нывтæ». «Хъахъхъæн дæ æнæниздзинад». «Уæларвон тыгъдад». «Æрдзы фæзынтæ, æрдзы ивæнтæ». «Мæргъты цардæй». «Цæрæгойты цардæй». «Сырдты цардæй». «Æрцыд, ныллæууыд уалдзæг». «Кæмæй у сæрыстыр Ирыстон?» «Адæмон сфæлдыстад». «Нæ уарзон Райгуырæн бæстæ – Уæрæсе». «Мæ райгуырæн бæстæ – Алани». «Дзæуджыхъæу – Ирыстоны сæйраг сахар». «Хъæууон царды нывтæй». «Уæлахизы бон».

### 4-æм кълас

«Ног ахуыры аз». «Сæрды улæфæн бонтæ». «Æрдз хъахъхъæнын – алкæй хæс дæр». «Адæймаг æгъдауæй фидауы». «Æрцыд та нæм бæркадджын фæззæг». «Нæ алфамбылай æрдз». «Зымæгон æрдз». «Æрдз не сфæлдисæг, зæхх нæ дарæг». «Цæрæгойты миниуджытæ». «Æрдз æмæ цæрæгойтæ». «Уалдзæг». «Алцы зонын дæр хорз у». «Зивæджы мад мæгуыр у».

Райдайæн къласты ирон æвзаджы урокты бынат ахуырадон процессы:

1-аг къласы ирон æвзаг ахуыр кæнынæн къуыри лæвæрд цæуы 3 сахаты, æдæп-пæт – 97;

2 – 4-æм кълæсты къуыри – 1,5 сахаты, æдæппæт – 51 сах. (æдæппæт – 249 сах.)

## ПРОГРАММÆЙЫ МИДИС

### 4-æм кълас

(къуыри – 1,5 сах., æдæппæт – 51 сах. )

### I. Æвзаг æмæ ныхасы тыххæй зонындзинæдтæ

**1–3-æм кълæсты рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын** (4 сах.)

Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ. Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ æмæ сæ растфыссынад. Цавд. Дзырды хæйттæ æмæ дзырдарæзт. Лексикæ. Ныхасы хæйттæ. Хъуыдыйад. Текст.

**Вазыгджын дзырдтæ** (3 сах.)

Иумæйаг æмбарынад вазыгджын дзырдты тыххæй. Вазыгджын дзырдты растфыссынад.

### Ныхасы хæйттæ

**Номдар** (9 сах.)

Номдарты ивынад хауæнтæм гæсгæ. Фæрстытæ æмæ кæрæттæм гæсгæ хауæнты хуызтæ бæрæг кæнын. Номдарты тасындзæг бирæон нымæцы. Номдарты бирæон нымæцы арæзты хицæндзинæдтæ: хъæлæсон **а** æмæ **о**-йы ивынад хъæлæсон **æ**-мæ; бирæон нымæцы фæсæфтуан **т**-йы дывæркæнынад; æмхъæлæсонты къордтæй цы дзырдтæ фæвæййынц, уыдоны **т**-йы разæй хъæлæсон **ы**-йы фæзынд.

Номдарты растфыссынад.

**Миногон** (2 сах.)

Миногон. Миногонты тасындзæг. Сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд миногонтæ.

**Номивæг (3 сах.)**

Цæсгомон номивджытæ. Цæсгомон номивджыты æххæст хуызы тасындзæг.

**Мивдисæг** (11 сах.)

Мивдисæджы ивынад цæсгæмттæм æмæ нымæцтæм гæсгæ нырыккон, ивгъуыд æмæ суинаг афонты (æргомон здæхæны). Мивдисæджы цæсгомон кæрæтты растфыссынад. Хайыгтæ **нæ** æмæ **нал**-ы растфыссынад мивдисæгимæ.

**Фæрсдзырд** (3 сах.)

Иумæйаг æмбарынад фæрсдзырдты тыххæй. Фæрсдзырдтæ иртасын ахæм фæрстытæм гæсгæ: кæм? кæдæм? кæцæй? кæд? куыд? Арæхдæр чи æмбæлы, уыцы фæрсдзырдты растфыссынад.

**Хъуыдыйад** (8 сах.)

Дзырдты рæнхъæвæрд хъуыдыйады. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ бæттæгтæ *æмæ, фæлæ, та*-имæ, стæй æнæ бæттæгтæй. Ранымады интонаци хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ. Вазыгджын хъуыдыйæдтæ бæттæгтимæ æмæ, фæлæ, та. Къæдзыг вазыгджын хъуыдыйады.

**Сидæн** (2 сах.)

Сидæн. Æрхæцæн нысæнттæ сидæнимæ.

**Комкоммæ ныхас** (2сах.)

Комкоммæ ныхасимæ зонгæ кæнын. Хъуыдыйæдтæ авторы дзырдты фæстæ æвæрд комкоммæ ныхасимæ. Хъæлæсы уаг хъуыдыйады комкоммæ ныхасимæ. Æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ ныхасимæ (дыстъæлф, дыкъæдзыг).

**Цыппæрæм къласы рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын** (4 сах.)

***Скъоладзаутæ 4-æм къласы фæудмæ базондзысты:***

- вазыгджын дзырдты тыххæй æмбарынад, сæ растфыссынад;
- ныхасы хæйтты тыххæй æмбарынад;
- номдарты тасындзæг иууон æмæ бирæон нымæцты, сæ растфыссынад;
- миногонты нысаниуæг, сæ тасындзæг;
- цæсгомон номивджытæ, сæ тасындзæг æмæ растфыссынад;
- мивдисджыты ивынад цæсгæмттæ, афонтæ æмæ нымæцтæм гæсгæ (æргомон здæхæны);
- фæрсдзырды иумæйаг æмбарынад;
- хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ бæттæгтæ *æмæ, фæлæ, та*-имæ;
- вазыгджын хъуыдыйæдтæ бæттæгтæ *æмæ, фæлæ, та*-имæ;
- сидæн; æрхæцæн нысæнттæ сидæнимæ;
- комкоммæ ныхас; æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ ныхасы.

***Скъоладзаутæ 4-æм къласы фæудмæ арæхсдзысты:***

- орфографион æмæ каллиграфион æгъдауæй 70–80 дзырдæй арæзт текст раст фыссынмæ;
- вазыгджын дзырдтæн сæ аразæг хæйттæ бæрæг кæнынмæ;
- синонимтæ æмæ антонимтæй пайда кæнынмæ;
- номдартæ тасындзæг кæнынмæ;
- миногонты тасындзæджы хицæндзинæдтæ амонынмæ;
- цæсгомон номивджытæ тасындзæг кæнынмæ;
- цæсгомон номивджытæй ныхасы раст пайда кæнынмæ;
- мивдисджытæ ифтындзæг кæнынмæ;
- фæрсдзырдтæ фæрстытæм гæсгæ иртасынмæ;
- æмхуызон уæнгтимæ æнæ бæттæгтæй æмæ бæттæгтæ *æмæ, фæлæ, та*-имæ хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
- бæттæгтæ *æмæ, фæлæ, та*-имæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
- комкоммæ ныхас хъæлæсы уагæй хицæн кæнынмæ æмæ аразынмæ;
- исты цау кæнæ фæзынд чысыл радзырды хуызы ныффыссынмæ;
- сидæн хъæлæсы уагæй æмæ æрхæцæн нысæнттæй хицæн кæнынмæ;
- пъланмæ гæсгæ æмæ æнæ пъланæй сочиненитæ æмæ изложенитæ фыссынмæ;
- диалогон æмæ монологон ныхас аразынмæ;

- тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын æмæ йæ хæйттыл дих кæнынмæ;
- текстæн сæргонд хъуыды кæнынмæ;
- радзырдтæ цæттæ райдайæн æмæ цæттæ кæронмæ гæсгæ фыссынмæ;
- текстæн лексикон анализ кæнынмæ;
- тексты сæйраг темæ бæрæг кæнын, хæйттыл æй дих кæнынмæ;
- тексты хæйттæ кæрæдзи фæдыл раст æвæрынмæ;
- тексты аивгæнæн мадзæлттæ бæрæг кæнынмæ;
- диалогон ныхасы архайынмæ;
- искæй хъуыды дарддæр хæццæ кæнын, æххæст кæнынмæ;
- хъæугæ информацимæ хъусын зонын, фæрстытæ дæттын, хъуыды дарддæр хæццæ кæнынмæ;
- цымыдисдзинад æвдисынмæ;
- арфæ кæнын, хатыр курынмæ;
- исты хабар, хи цæстæнгас æвдисгæйæ, хъусын кæнынмæ;
- хъуыды æмбарын кæнын, бæлвырд кæнынмæ;
- дзургæйæ, разыдзинад кæнæ æнæразыдзинад æвдисынмæ;
- тексты хæйттæ логикон æгъдауæй раст æвæрынмæ;
- текст аив æмæ раст кæсынмæ;
- текст хицæн хъуыдыйæдтыл дих кæнынмæ;
- текстæн райдайæн æмæ кæрон хъуыды кæнынмæ;
- лæвæрд схемæмæ гæсгæ хуымæтæг хъуыдыйæдты алы хуызтæ аразынмæ;
- чысыл тексты мидис хи ныхæстæй фыссынмæ;
- сюжетон нывмæ гæсгæ чысыл радзырд хъуыды кæнын æмæ фыссынмæ;

***Урокты тематикон пъланты арæзт:***

1. Æппæт грамматикон æрмæг дæр баст у бæлвырд, программæйы нысангонд ныха-сы темæимæ: дзырдтæ, дзырдбæстытæ, хъуыдыйæдтæ, текстты мидис.

2. Бæрæггонд цæуы урочы ног темæ.

3. Лæвæрд цæуы, ног æрмæг бацамонынæн рацыд æрмæгæй цы сфæлхатт кæнын хъæуы, уый.

4. Лæвæрд цæуы, скъоладзаутæ алы урочы дæр цы хъуамæ базоной, бамбарой, уый: алы фæлтæрæны нысан дæр у, скъоладзаутæ ацы темæйæ бæлвырд зонындзинæдтæ цæмæй райсой, уый. Уыдоны æрфыст лæвæрд цæуы цыппæрæм хайы – скъоладзауты архайды хуызтæ.

## ТЕМАТИКОН ПЪЛАНТÆ

**4-æм кълас** (51 сах.)

| Урочы темæ<br>Ныхасы темæ | Урочы мидис | Фæлхатгæнинаг æрмæг | Скъоладзауты архайды хуызтæ |
|---|---|---|---|
| 1-аг. **Ралæууыд ног ахуыры аз.** | Мыртæ æмæ дамгъæтæ (1 сах.) | Хъæлæсон мыртæ, дамгъæтæ.<br>Æмхъæлæсон мыртæ, дамгъæтæ.<br>Синонимтæ, антонимтæ.<br>Дзырд, хъуыдыйад.<br>Дыууæ нысанæй конд дамгъæтæ.<br>Дзырдты нысаниуæг. | Мыртæ раст дзурын, сæ дамгъæтæ сын раст бæрæг кæнын. Лæвæрд дзырдтæй хъуыдыйæдтæ, уыдонæй текст аразын.<br>Цыбыр текст аразын. Текстæн сæргонд хъуыды кæнын. Текстæн йæ хъуыды рахицæн кæнын. |
| 2-аг. **Сæрды улæфæн бонтæ.** | Алфавит (1 сах.) | Дзырды мырон-дамгъон æвзæрст.<br>Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ.<br>Дамгъæты растфыссынад. | Графикон æгъдауæй орфограммæтæ нысан кæнын.<br>Дамгъуат зæрдыл æрлæууын кæнын.<br>Дамгъæты рæнхъæвæрд бæрæг фæткыл дзурын.<br>Фæрстытæм гæсгæ ныхасы хæйттæ бæрæг кæнын.<br>Къæйттæй кусгæйæ кæрæдзимæ хъусын. |
| 3-аг. **Æрдз хъахъхъæнын – алкæй хæс дæр!** | Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ (1 сах.) | Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ, сæ растфыссынад. | Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ раст дзурын æмæ фыс-сын. Дзырдты уæгъд бынæттæ хъæугæ дывæргонд æмхъæлæсонтæй æххæст кæнын (къæйттæй кусгæйæ). |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Ныхасы хæйттæ. Антонимтæ. Синонимтæ. | Нывмæ гæсгæ текст аразын. |
| 4-æм. **Адæймаг æгъдауæй фидауы.** | Цавд (1 сах.) | Уæнг. Дзырд уæнгтыл дих кæнын. Цавдон уæнг. Æнæцавдон уæнг. Иумæйаг цавд. Дывæргонд æмхъæлæсонты растфыссынад. Дзырдты мырон-дамгъон æвзæрст. Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ. | Дзырдтæ уæнгтыл дих кæнын, цавды нысан æвæрын. Иумæйаг цавд хицæн кæнын. Текст цавды æгъдæуттæм гæсгæ раст хъæлæсы уагæй кæсын æмæ йын анализ кæнын. Æмбисæндтæ ныхасы темæимæ бæттын. |
| 5-æм. **Æгъдау хъæдбыны дæр хъæуы.** | Вазыгджын дзырдтæ (1 сах.) | Дзырдты мырон-дамгъон æвзæрст. Хъуыдыйад. Мивдис-джыты нысаниуджытæ. | Хуымæтæг дзырдтæй вазыгджын дзырдтæ аразын. Тексты вазыгджын дзырдтæ бæрæг кæнын. Тексты мидис фæрстытæм гæсгæ æвзарын. Къæйттæй кусгæйæ кæрæдзийы хъуыдымæ хъусын, хатдзæгтæ кæнын. |
| 6-æм. **Æгъдау хъæдбыны дæр хъæуы.** | Вазыгджын дзырдтæ (1 сах.) | Вазыгджын дзырдты арæзт. Дзырдтæ хæйттæм гæсгæ æвзарын. Антонимтæ. | Вазыгджын дзырдты арæзт æмæ сæ растфыссынад æмбарын. Вазыгджын дзырдтæ дзырды хæйттæм гæсгæ æвзарын. Хатдзæгтæ кæнын зонын. |
| 7-æм. **Æгъдау хъæдбыны дæр хъæуы.** | Вазыгджын дзырдтæ (1 сах.) | Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ. Вазыгджын дзырд-ты мидæг æзылангон æмхъæлæсонтæ зылангонтæй ивыны æгъдæуттæ. | Тексты хъæугæ дзырдтæ хицæн кæнын, анализ сын кæнын урочы темæмæ гæсгæ. Къæйттæй кусгæйæ кæрæдзийы хъуыдытæм хъусын, иумæйаг хатдзæгтæ кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 8-æм. **Æрцыд та нæм бæркадджын фæззæг.** | Номдар. Номдарты ивынад хауæнтæм гæсгæ «Номон хауæн (Чи? Цы?) (1 сах.) | Ныхасы хæйттæ. Номдар. Миногон. Мивдисæг. Номдары морфологион æууæлтæ. | Номдартæ сæ морфологион æууæлтæм гæсгæ æвзарын. Фæрстытæ чи? æмæ цы? цавæр номдартæм дæттæм, уый бæрæг кæнын. Дзуæппытæ дæнцæгтæй фидар кæнын.<br>Зонгæ кæнын хауæнимæ куыд номдары грамматикон категори.<br>Иумæйаг куыстыты кæрæдзийы хъуыдытæм хъусын, æмæ иу хатдзæгмæ цæуын. |
| 9-æм. **Æрдзы хъæздыгдзинæдтæ хъахъхъæнын хъæуы.** | Гуырынон хауæн» (Кæй? Цæй? Кæм? Цæм?) (1 сах.) | Дзырды хæйттæ. Бындур æмæ кæрон. Ныхасы хæйттæ. Номдарты морфологион æвзæрст. | Фæрстытæм гæсгæ хицæн кæнын дзырдты къордтæ. Таблицæмæ гæсгæ номдарты хауæнтæ бæрæг кæнын. Сæ грамматикон æууæлтæм гæсгæ тексты дзырдтæ агурын. Кæрæдзиуыл барын номдартæ номон æмæ гуырынон хауæнты, хатдзæгтæ кæнын. Бакусын гуырынон хауæны номдарты растфыссынадыл. |
| 10-æм. **Æрдзы хъæздыгдзинæдтæ хъахъхъæнын – нæ хæс.** | Дæттынон хауæн (Кæмæн? Цæмæн?) Арæзтон хауæн (Кæмæ? Цæмæ? Кæдæм? Кæдмæ?) (1 сах.) | Дзырды хæйттæ. Номон хауæны номдартæ. Гуырынон хауæны номдартæ, сæ раст фыссынад. Дзырдты мырон-дамгъон æвзæрст. Хъуыдыйад | Кæрæттæм гæсгæ номдарты хауæнтæ бæрæг кæнын, сæ растфыссынады æгъдæутты тыххæй хатдзæгтæ кæнын.<br>Хи архæйдтытæ раиртæсты æмбарынадимæ барын.<br>Текстæн сæргонд æмæ кæрон хъуыды кæнын.<br>Къæйттæй æмæ къордты кусгæйæ, кæрæдзимæ хъусын, анализ кæнын. |
| 11-æм. **Æрдзы хъæздыгдзинæдтæ – адæмы хæзна.** | Иртæстон хауæн» (Кæмæй? Цæмæй? Кæдæй?) «Æддагбынатон хауæн (Кæуыл? Цæуыл?) (1 сах.) | Сæрмагонд номдартæ. Синонимтæ. Антонимтæ. Дзырды хæйттæ, бындур, кæрон. | Хъус дарын номдарты кæрætты ивддзинæдтæм. Кæрæттæм гæсгæ иртасын иртæстон æмæ арæзтон хауæнтæ. Сæрмагонд нæмттæ хъæугæ хауæнты æвæрын. Бæлвырд хатдзæгмæ æрцæуын. Хъуыдыйæдты агурын номдартæ иртæстон æмæ æддагбынатон хауæнты формæйы.<br>Къордты кусгæйæ кæрæдзийы хъуыдытæм хъусын, аргъ сын кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 12-æм. **Царды уаг. Нæ алфамбылай æрдз.** | Цæдисон хауæн» (Кæимæ? Цæимæ?) Хуызæнон хауæн (Кæйау? Цæйау? Куыд?) (1 сах.) | Синонимтæ. Дзырды хæйттæ. Хауæнтæ, сæ кæрæтты растфыссынад. | Бæрæггонд дзырдтæ хъуыдыйады мидæг цы дзырдтимæ баст сты, уыдон агурын.<br>Æмбарын кæнын хауæнты кæрæтты растфыссынад.<br>Хъуыдыйæдты агурын номдартæ цæдисон æмæ хуызæнон хауæнты формæйы.<br>Таблицæйы хуызы хъусынгæнинаг æмбарын, æххæст кæнын.<br>Къордты кусгæйæ кæрæдзийы хъуыдытæм хъусын æмæ иумæ хатдзæгтæ кæнын. |
| 13-æм. **Сыгъзæрин фæззæг – æрдзы фидауц.** | Номдарты тасындзæг бирæон нымæцы (1 сах.) | Ныхасы хæйттæ. Бирæон нымæцы номдартæ. Хауæнтæ, сæ кæрæтты растфыссынад. Синонимтæ. Антонимтæ. | Хæслæвæрдмæ гæсгæ тексты хъæугæ дзырдтæ нысан кæнын.<br>Лæвæрд таблицæты æххуысæй бирæон нымæцы номдартæ тексты агурын, æмæ сын анализ кæнын.<br>Бæлвырд хæслæвæрдтæ æххæст кæнын, кæрæдзийы хъуыдытæн аргъ кæнгæйæ (къордты, кæнæ къæйттæй).<br>Текстæн, йæ мидисмæ гæсгæ, сæргонд дæттын. |
| 14-æм. **Æрдзы хъæздыгдзинæд-тæ – адæмы хæзна.** | Номдарты бирæон нымæцы арæзты хицæндзинæдтæ (1 сах.) | Дзырды хæйттæ. Кæрон, фæсæфтуан. Ныхасы хæйттæ. Хъуыдыйæдтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ. | Иууон нымæцы номдартæй бирæон нымæц аразгæйæ, фиппаинæгтæ дзурын.<br>Иртасын номдарты бирæон нымæцы хицæндзинæдтæ.<br>Къæйттæй кусгæйæ кæрæдзийы дзуæппытæм хъусын, раст хатдзæгтæ кæнын. Текстæн йæ мидис фæрстытæм гæсгæ дзурын. |
| 15-æм. **Æрдзы хъæздыгдзинæд-тæ – адæмы хæзна.** | Номдарты растфыссынад (1 сах.) | Хауæнтæ, сæ фæрстытæ, сæ кæрæттæ.<br>Номдарты нымæц.<br>Вазыгджын дзырдтæ.<br>Дзырды хæйттæ. | Зонын номдарты хауæнты кæрæтты растфыссынад, æндæр дзырдтимæ бæтгæйæ.<br>Вазыгджын номдарты растфыссынады хицæндзинæдтæ зонын æмæ сæ раст пайда кæнын. |
| 16-æм. | Контролон куыст (1 сах.) | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 17-æм. **Æрдзы ивддзинæдтæ.** | Миногон. Сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд дзырдтæ (1 сах.) | Ныхасы хæйттæ. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Номдарты хауæнтæ. Антонимтæ. Хъуыдыйæдтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ. Дзырды хæйттæ. | Миногонты растфыссынад зæрдыл дарын. Тексты агурын сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд миногонтæ.<br>Тексты мидис дзурын. Уыци-уыцитæ къордтæй æвзарын. Кæрæдзи хъуыдытæм хъусын, аргъ сын кæнын. Иумæйаг хатдзæгтæ кæнын бæлвырд хæслæвæрдтæ сæххæст кæныны фæстæ. |
| 18-æм. **Ралæууыд зымæг.** | Миногонты тасындзæг (1 сах.) | Номдарты иууон æмæ бирæон нымæцы тасындзæг. Иумæйаг цавд. Антонимтæ. Дзырдбаст. | Миногонты тасындзæджы хицæндзинæдтæ хибарæй æмæ номдартимæ бастæй.<br>Таблицæйы æххуысæй номдартæ æмæ миногонты тасындзæг кæрæдзиуыл барын.<br>Дзырд куыд ныхасы хай æвзарын, йе 'ууæлтæ йын бæрæг кæнын.<br>Кæрæдзийæн æххуыс кæнгæйæ, раст дзуаппмæ æрцæуын (къæйттæй куыст). |
| 19-æм. **Æрдз – не сфæлдисæг, зæхх – нæ дарæг.** | Номивæг. Цæсгомон номивджытæ (1 сах.) | Дзырдбаст. Иууон æмæ бирæон нымæцы тасындзæг. | Номивæджы æмбарынад, йæ хицæндзинæдтæ.<br>Номивджытæ зæрдыл бадарын. Текст æвзарын, йæ сæйраг хъуыды йын бæрæг кæнын. Æмбисæндты хъуыдыйыл æрдзурын.<br>Таблицæйы хуызы хъусынгæнинаг (информаци) æмбарын æмæ йæ æххæст кæнын. Уыци-уыцитæ, æмбисæндтæ æвзарын (къордты куыст). |
| 20-æм. **Цæрæгойты миниуджытæ.** | Цæсгомон номивджыты тасындзæг (1 сах.) | Цæсгомон номивджытыæ. Хауæнтæ. Номдарты тасындзæг. Хъуыдыйад. Хуымæтæг цыбыр æмæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ. | Бахъуыды кæнын цæсгомон номивджыты цыбыр формæтæ. Цæсгомон номивджытæй раст пайда кæнын.<br>Цæсгомон номивджыты æххæст хуызы тасындзæг бамбарын. Таблицæйы æххуысæй фæлтæрæнтæ æххæст кæнын.<br>Фæрстытæн æххæст æмæ мидисджын дзуæппытæ дæтгæйæ, хатдзæгтæ кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 21-æм. **Дæ сæрмæ алы куыст дæр хæсс.** | Цæсгомон номивджытæ фæлхат кæнын (1 сах.) | Номдар. Йæ грамматикон æууæлтæ. Миногоны грамматикон æууæлтæ. Вазыгджын дзырдтæ. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. | Иртасын æххæст хуызы номивджытæ æмæ сæ цыбыр формæтæ. Бахъуыды кæнын номивджыты растфыссынад. *Къордты куыст* – текстæн сæргонд дæттын, æмæ йæ аргументтæй фидар кæнын, кæрæдзийы хъуыдытæм хъусын æмæ сын аргъ кæнын. Текст æмбаргæ каст кæнын. Æвзаджы æрмæгмæ цæст дарын, хатдзæгтæ кæнын. |
| 22-æм. **Зымæгон æрдз.** | Мивдисæг. Мивдисæджы афонтæ (1 сах.) | Предметты архайд æвдисæг дзырдтæ. Синонимтæ. Дзырды хæйттæ. | Архайд цы рæстæг цæуы, цыдис кæнæ цæудзæнис, уый бæрæг кæнын зонын. Текстæй фæрстытæм гæсгæ хъæугæ дзырдтæ хицæн кæнын. Хæслæвæрдмæ гæсгæ мивдисджытæн бæрæг кæнын сæ фæрстытæ, сæ афоны формæ. Текстимæ кусын. Тексты мидисыл æнцой кæнгæйæ, фæрстытæн дзуапп дæттын æмæ хатдзæгтæ кæнын. Нывмæ гæсгæ цыбыр радзырд аразын. |
| 23-æм. **Ног аз ног хæрзтæ æрхаста.** | Мивдисджыты ивынад нымæцтæм гæсгæ (1 сах.) | Мивдисæг. Мивдисæджы афонтæ. Номдарты ивынад нымæцтæм гæсгæ. Вазыгджын дзырдтæ, сæ растфыссынад. Дзырды хæйттæ. | Урочы темæ æргом кæнын, проблемон фæрстытæн дзуапп дæтгæйæ. Зонын предметты нымæц барын сæ архайдæвдисæг дзырдты нымæцимæ. Агурын дзырдтæ сæ грамматикон æууæлтæм гæсгæ тексты. Ныхасы хæйттæ сæ грамматикон æууæлтæм гæсгæ кæрæдзиуыл барын. |
| 24-æм. | Контролон куыст (1 сах.) | | |
| 25-æм. **Зымæгон æрдз.** | Мивдисджыты ивынад цæсгæмттæм гæсгæ (1 сах.) | Иууон æмæ бирæон нымæцы мивдисджытæ. Синонимтæ. Диалог. Хъуыдыйад. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Уæнг. Номивджытæ. | Бæрæг кæнын мивдисджыты нымæц, цы предметты нымæц æвдисынц, уымæ гæсгæ. Ныхасы хæйттæ се 'ууæлтæм гæсгæ иртасын. Хатдзæгтæ бæлвырд дæнцæгтæй фидар кæнын. Фæлтæрæнты хæслæвæрдтæм гæсгæ дзырдтæ къордтыл дих кæнын. Къæйттæй куысты кæрæдзийы хъуыдытæм хъусын, анализ кæнын, хатдзæгтæ кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 26-27-æм. **Æрдз æмæ цæрæгойтæ.** | Цæсгомон мивдисджыты ивынад нырыккон афоны (2 сах.) | Цæсгомон номивджытæ. Мивдисæг, йæ афонтæ. Дзырды хæйттæ. Хауæнтæ. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Цавдон уæнг. Номдар, йæ нымæц, йæ хауæнтæ. Миногон. | Проблемон фæрстытæн дзуапп дæттын, фидар сæ кæнын дæнцæгтæй. Фæлтæрæны фæрстытæм гæсгæ фиппаинæгтæ дзурын, ног темæимæ сæ бæттын. Хъуыды фидар кæнын дæнцæгтæй, аргументтæй. Текстæй номивджытæ хицæн кæнын, сæ афоны формæ сын бæрæг кæнын. Текстимæ кусын. Текстæн йæ мидисмæ гæсгæ сæргонд дæттын. Фиппаинæгтæ, хи хъуыдытæ дзурын. Къæйттæй кусгæйæ кæрæдзийы хъуыдытæм хъусын æмæ хатдзæгтæ кæнын. |
| 28-29-æм. **Æрдзы ивддзинæдтæ.** | Цæсгомон мивдисджыты ивынад ивгъуыд афоны (2 сах.) | Мивдисæджы афонтæ. Уæнг. Цавдон уæнг. Антонимтæ. Номдар. Номдарты нымæц. Дзырды хæйттæ. | Тексты проблемон фæрстытæн дзуапп дæттын. Хъæугæ мивдисджытæ агурын, хатдзæгтæм æрцæуын. Таблицæмæ гæсгæ хæслæвæрдтæ æххæст кæнын. Мивдисæг афонтæм гæсгæ куыд ивы, уымæ хъус дарын. Кæрæдзийы зонындзинæдтæн аргъ кæнын, æххуыс кæнын (къæйттæй кусгæйæ). Таблицæйæ пайда кæнын. Æмбисæндты хъуыды бæлвырд кæнын. |
| 30-31-æм. **Зымæг æмæ цæрæгойтæ.** | Цæсгомон мивдисджыты ивынад суинаг афоны (2 сах.) | Мивдисджыты афонтæ. Синонимтæ. Антонимтæ. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Ныхасы хæйттæ. Номдарты тасындзæг. Вазыгджын дзырдтæ. | Бæлвырд хæслæвæрдтæ æххæстгæнгæйæ, урочы темæ бæрæг кæнын. Бæлвырд афоны æмæ цæсгомы мивдисджытæ текстæй хицæн кæнын зонын. Таблицæйы æххуысæй лæвæрд хæслæвæрдтæ æххæст кæнын. Тексты мидис æвзарын. Кæрæдзийы дзуæппытæн аргъ кæнын куы хъæуа, уæд æххуыс кæнын. Хатдзæгтæ кæнын (къæйттæй æмæ къордты куысты). |
| 32-æм. **Æрдз æмæ цæрæгойтæ.** | Мивдисджыты растфыссынад (1 сах.) | Мивдисæг, йæ иумæйаг нысаниуæг, йæ фæрстытæ. Мивдисджыты ивынад нымæцтæм, афонтæм гæсгæ. Синонимтæ. | Мивдисджыты нымæц, цæсгом æмæ афон кæрæттæм гæсгæ иртасын, æмбарын сын сæ растфыссынад. Текстæн сæргонд хъуыды кæнын, йæ мидис ын хи ныхæстæй дзурын. Дзырдтæн æмæ дзырдбæстытæн синонимтæ агурын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 33-æм. **Æрцыд ныллæууыд уалдзæг.** | Фæрсдзырды æмбарынад (1 сах.) | Мивдисæг. Йæ иумæйаг æмбарынад, йæ фæрстытæ. Номдары тасындзæг. Хуымæтæг цыбыр хъуыдыйад. | Дзырдтæм фæрстытæ дæтгæйæ урочы темæ бæлвырд кæнын. Хæслæвæрдмæ гæсгæ хъæугæ дзырдтæ хицæн кæнын. Лæвæрд дзырдтимæ хъуыдыйæдтæ аразын. Фæрсдзырдтæ цавæр ныхасы хаимæ баст сты æмæ цы нысан кæнынц, уый бæлвырд кæнын. Текст хæйттыл дих кæнын. |
| 34-æм. **Æрцыд ныллæууыд уалдзæг.** | Фæрсдзырд, йæ фæрстытæ (1 сах.) | Дзырды хæйттæ. Мивдисджыты цæсгомон кæрæтты растфыссынад. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ бæрæг кæнын. Вазыгджын дзырдты арæзт, сæ растфыссынад. Фæрсдзырдтæ – антонимтæ. Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ. | Фæрсдзырдтæм мивдисæгæй фæрстытæ дæтгæйæ, зонын архайд, кæм, кæд æмæ куыд цæуы, уый. Таблицæйæн йæ арæзт æмбарын. Фæрстытæ: кæм? кæд? куыд? кæдæм? кæцæй?-æн цы фæрсдзырдтæ дзуапп дæттынц, уыдон хицæн къордтæ кæнын. Фæрсдзырдтæй æмæ мивдисджытæй дзырдбæстытæ аразын. |
| 35-æм. **Æрдзы ивддзинæдтæ.** | Фæрсдзырдты растфыссынад (1 сах.) | | Тексты вазыгджын фæрсдзырдтæ агурын, сæ растфыссынад сын æмбарын кæнын. Хатдзæгтæ кæнгæйæ, урочы темæ бæрæг кæнын. Таблицæйы æххуысæй фæрсдзырдты растфыссынад зæрдыл бадарын. Фæрсдзырдты растфыссынады æгъдæуттæ бæлвырд кæнын. Таблицæйы лæвæрд фæрсдзырдтæм фæрстытæ дæттын. Текстæн фæрстытæм гæсгæ йæ мидис дзурын. Текстæй фыссын фæрсдзырдтæ, цы ныхасы хæйттимæ баст сты, уыдонимæ. |
| 36-æм. **Уалдзæг. Æрдз райхъал.** | Хъуыдыйад (1 сах.) | Номдар. Миногон. Мивдисæг. Фæрсдзырд. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. | Текст хъуыдыйæдтыл дих кæнын, æрхæцæн нысæнттæ æвæрын. Хъуыдыйæдтæ раст хъæлæсы уагæй кæсын. Нывмæ гæсгæ, лæвæрд дзырдтæ æмæ дзырдбæстыты æххуысæй чысыл радзырд аразын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Дзырдты бастдзинад хъуыдыйады мидæг. Номдарты тасындзæг. Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады кæрон. | Хъуыдыйады мидæг дзырдты бастдзинад æмбарын кæнын. Дзырдтæй хъуыдыйæдтæ аразын. Къæйттæй кусгæйæ хъус дарын кæрæдзийы цæстæнгасмæ, хатдзæгтæ кæнын. |
| 37-38-æм. **Алцы зонын дæр хорз у.** | Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ (2 сах.) | Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Синонимтæ. Номдарты ивынад хауæнтæм гæсгæ. | Хъуыдыйады мидæг æмхуызон уæнгтæ цы дзырдтимæ баст сты æмæ цавæр фæрстытæ домынц, уый раиртасын. Цы бафиппайдтой, уый фæдыл хатдзæгтæ кæнын. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ сæ æмбарынгæнæг дзырдтимæ фæлтæрæнты агурын, æрхæцæн нысæнтты раст æвæрынадыл кусын. Хъус æрдарын бæттæгтæм. Тексты мидис фæрстытæм гæсгæ æвзарын. Текстæн кæрон хъуыды кæнын. Ныхас кæнын æрдзы хъæздыгдзинад æмæ пайдайыл. |
| 39-42-æм. **Уалдзыгон æрдз.** | Вазыгджын хъуыдыйад (4 сах.) | Хуымæтæг цыбыр æмæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ. Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ. Фæрсдзырд, йæ фæрстытæ. | Вазыгджын хъуыдыйæдтæ хуымæтæг хъуыдыйæдтыл дих кæнын. Вазыгджын хъуыдыйад аразæг хуымæтæг хъуыдыйæдты æхсæн æрхæцæн нысæнттæ æвæрын (бæттæгтимæ бастæй æмæ æнæ бæттæгтæй). Таблицæйы æхххуысæй хуымæтæг хъуыдыйæдтæй вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразын, æрхæцæн нысæнттæ æвæрын. Æмбисæндты хъуыды æмбарын кæнын. |
| 43-æм | Контролон куыст (1 сах.) | | |
| 44-45-æм. **Зивæджы мад мæгуыр у.** | Сидæн (2 сах.) | Номдар. Сæрмагонд номдартæ. Дзырды мырон-дамгъон æвзæрст. Хуымæтæг хъуыдыйад | Бахъуыды кæнын сидæны æмбарынад. Сидæн цы дзырдтæй конд вæййы, уый фæбæрæг кæнын. Дзуæппытæ дæнцæгтæй фидар кæнын. Сидæн, хъуыдыйады мидæг цы ран лæууа, уымæ гæсгæ æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрын. Хъуыдыйæдты æмæ тексты сидæнтæ агурын. Хибарæй хъуыды кæнын хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ, алы бынæтты куыд лæууа, афтæмæй. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 46-47-æм. **Зивæггæнаг æмæ хиппæлой ма у.** | Комкоммæ ныхас (2 сах.) | Ныхасы хæйттæ. Номдар, мивдисæг. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Сидæн, йæ растфыссынад. Дзырды хæйттæ. | Фæлтæрæны хæслæвæрд æххæст кæнгæйæ базонын, искæй ныхас æнæ ивдæй æвдыст кæм цæуы, уый. Урочы темæ бамбарын. Хъуыдыйады мидæг комкоммæ ныхас æмæ авторы ныхæстæ хицæн кæнын. Комкоммæ ныхас хъуыдыйады кæм æвæрд уа, уымæ гæсгæ æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрын.<br>Лæвæрд схемæтæм гæсгæ авторы ныхæстæ æмæ комкоммæ ныхас раст æрхæцæн нысæнттæй хицæн кæнын.<br>Æмбисæндты хъуыды æмбарын кæнын.<br>*Къордты куыст* – текстæн сæргонд дæттын. |
| 48-æм. **Æнæ кусгæйæ цард нæй.** | Рацыд æрмæг фæлхатт кæнын. Ныхасы хæйттæ. (1 сах.) | Ныхасы хæйттæ. Номдар, йæ хауæнтæ, нымæц. Фæрсдзырд. Миногон, йæ растфыссынад. | Дзырдтæм фæрстытæ раст дæттын. Цавæр ныхасы хæйттæ сты, уый бæрæг кæнын. Дзырдтæн синонимтæ агурын. Цæсгомон номивджыты цыбыр æмæ æххæст хуызтæ бæрæг кæнын. Мивдисджытæ ивын афонтæм æмæ нымæцтæм гæсгæ.<br>Æмбисæндты мидис бæрæг кæнын, фæрсдзырдтæ дзы агурын. Хайыгтæ мивдисджытимæ куыд фыссын хъæуы, уый бæрæг кæнын.<br>Тексты мидис фæрстытæм гæсгæ дзурын. |
| 49-æм. **Æнæ кусгæйæ цард нæй.** | Рацыд æрмæг фæлхат кæнын. Хъуыдыйад. Вазыгджын хъуыдыйад (1 сах.) | Хъуыдыйады æмбарынад, йæ арæзт. Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ. | Хуымæтæг хъуыдыйæдты арæзт æмбарын. Æмбарын вазыгджын хъуыдыйæдты арæзт. Иртасын хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ.<br>Хъуыдыйæдты æмхуызон уæнгтæ иртасын, æрхæцæн нысæнттæ сæ раст æвæрын. |
| 50-æм. **Æнæ кусгæйæ цард нæй.** | Рацыд æрмæг фæлхат кæнын. Сидæн. Комкоммæ ныхас. | Хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ. Хъуыдыйæдтæ комкоммæ ныхасимæ. | Зонын иртасын хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ æмæ комкоммæ ныхасимæ. Фæлтæрæны хицæн кæнын хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Æмбарын кæнын æрхæцæн нысæнтты æвæрынад. |
| 51-æм. | Контролон куыст (1 сах.) | | |